


MOUN DWÒL LA

 Annou rete kanpe jis yon moman. Presye Seyè, nou vini nan prezans Divin Ou ankò pa mwayen lapriyé; dabò, pou di mèsi pou tout sa Ou fè pou nou, e pou gran lanmou ki nan kè nou pou Ou ak Pawòl Ou. Seyè, moun sa yo, aswè a, ke mwen renmen ak tout kè m, yo te fè sakrifis e yo te vin chita nan yon sal ki cho, ak kisa ankò, paske yo renmen Pawòl Ou.

² E nou vin priye pou malad yo, aswè a, Seyè, ak sa yo ki nan bezwen. Ke pa gen yon moun ki fèb nan mitan nou nan fen sèvis sa a. Rekonpanse yo pou fidelite yo, Seyè. Pale avè nou atravè Pawòl Ou, epi fòtifye nou, Seyè, pandan nou prale, ap pote opwòb la. Ala yon privilèj pou fè sa! Nou mande l nan Non Jezi. Amèn. Nou mèt chita.

³ Mwen pat ka jwenn mo, natirèlman, pou eksprime rekonesans mwen anvè yon gwoup moun konsa, ki vini epi chita nan bilding sa. Mwen vle di, ke, demen . . . Oswa, nou pral ale nan Topeka, Kansas, pou pwochen reyinyon an, e sa pral fini dimanch apre a. Epi nou prale, apati de la, nan Filadèlfi.

E, kounye a, nou sipoze ale lòt bò dlo, nan Kenya, ak Tanganyika, ak Uganda, nan tribi yo—yo anndan la. E yo gen yon ti soulèvman kounye a ak Mau Maus yo. Mwen pa ka antre antanke misyonè, men mwen pral eseye antre antanke chasè. N ap antre, epi y ap ranje bagay yo.

⁴ Dabitid, mwen antre antanke misyonè epi m al lachas, fwa sa mwen prale kòm si m prale lachas, epi pou m yon misyonè. Alò, la—la, nou itilize tout fason pou al jwenn yo. Epi se Frè Mattsson-Boze alò k ap okipe l de sa, l ap eseye fè m antre, pou òganize yon safari pou m al lachas. Ebyen, alò, mwen prale la nan safari sa, apre sa li pral di: “Frè Branham nou an nan peyi a.” Li prale la nan anbasad la: “Èske se t ap kòrèk si nou ta fè yon ti reyinyon yon kote?” Ou wè? Sa pral pwen depa a alò, epi n ap kontinye nan fason sa a. Kifè nou pa konnen si sa pral fèt, si nou pral kapab fè sa, ou non. N ap eseye. E m te mande Seyè a, si yon bagay rive ke li pa kapab, alò se va yon siy pou mwen ke m dwe retounen isi a nan Jeffersonville epi preche sou *Sèt Twonpèt* yo, pandan mwa jiyè a oswa out la, nan epòk sa a.

⁵ Epi, si nou fè sa, n ap wè jodi a, nou pral eseye genyen sal lekòl sa isi a ki gen èkondisyone a, paske li t ap vrèman byen epi fre. Gen plas pou milsenksan a milwisan moun. Epi li gen èkondisyone, yon kote tou nèf, jis apeprè senk blòk kay pi wo isi a. E yon fwa nou te fè demann pou li, e yo pat vle kite nou genyen l. E nonm ki pa t vle kite nou genyen l lan yo te mete l deyò sou konsèy la. Alò kounye a, nonm lan ki la kounye a di nou ka genyen l nenpòt lè nou vle li. Kifè nou—nou trè kontan pou

nou genyen li. E konsa li posib pou nou kapab genyen l kounye a, e yon lè an Jiyè, epi gen . . . Konbyen moun ki ta vle priye, si se volonte Seyè a kounye a, pou si yon bagay anpeche nou?

⁶ Nou konnen, mwen renmen Arizona. Se yon peyi mèveye. Mwen te toujou anvi rete la.

Si w ka remonte sa anlè on ti kras, Frè Ben, si w vle, si se . . . O, sa . . . Wi, mesye. Wi. Oswa, kèlkeswa moun k ap okipe de li a, va fè l monte jis yon ti kras, paske mwen fèt sot la a se vrèman . . . [Yon moun di: “Se bann lan, frè yo.”—Edite a.] Kisa w di? [“Sa se jis bann yo.”] O, se jis bann yo. O, men lòt la isi a. Mwen regrèt. Dakò, Frè Ben. Kifè mwen . . .

⁷ M retounen sot Arizona, lè m antre isi a, sa fè m jis yon ti kras anwe, poutèt yon chanjman nan klima a. Isi a nou gen apèprè katrevensèt a katrevendis, epi pafwa san pousan, imidite. E laba a sa rive jouk nan zewo, epi apre sa pafwa, an mwayèn, yon ventyèm nan yon pousan imidite. Ou jis ap viv anba yon tant oksijèn. Epi apre sa si w soti la a pou w vin isit la, ou wè ki gwo diferans sa fè nan ou. Kifè sa deranje vwa w, e latriye.

Rale sa kote l te ye a, tanpri, Frè Ben. Mwen te fè yon erè nan rale l monte. Mwen te panse se te sa, men se apati de *isi a* kote yo ajiste l.

⁸ Kounye a priye pou nou, nou chak. Mwen apresye nou. Billy t ap pale m de yon moun ki te pote yon panyen pèch pou nou, ak jis ti kado sa yo ke nou . . . Mwen jis pa ka di nou mèsi ase. Mwen—mwen pa konn kijan pou m fè l. E mwen—mwen sitèlman santi m pa diy pou pran bagay konsa nan men nou. Mwen priye pou Bondye beni nou, e mwen konnen L ap fè l, paske Li te di: “Chak fwa nou fè sa pou pi piti nan sa yo, se pou Mwen nou fè l.” E Bondye ap beni nou, mwen sèten.

⁹ E byen ke Arizona se yon si bèl rejyon, gen yon sèl bagay ki manke m, se, nou tout. Se vre. Nou tout manke m. Mwen—mwen pa bezwen konnen ki kote m ale, mwen—mwen . . . se pa, se pa nou. Mwen gen zanmi, toupatou nan lemonn, men se—se pa—se pa nou tout. Gen yon bagay konsènan ti gwoup sa a ki jis . . . Mwen pa konnen. Mwen panse avè yo.

¹⁰ Epi nan Tucson, se yon vil touris, nou konnen, e legliz yo ap fè presyon, nou konnen. Li on jan difisil. Yo pa trè esprityèl; e, paske gen konpetisyon, li trè fò; e sa rann li difisil. Si m te ka genyen nou tout nèt, plis legliz la, alò viv laba a, mwen panse li t ap kòrèk. Ou wè? Men mwen sipoze, toutotan ke sa rete yon legliz, e nou tout toujou ap vini, m ap toujou isi a, jiskaske Jezi vini.

¹¹ Alò priye pou mwen, jan m te di sa fè yon ti tan. M pa vle repete l, men lè m vin devan nou, mwen—mwen vin nève, mwen melankolik, emosyonèl, epi mwen kaprisye, tou. Se sa mwen ye, pou kòmanse, kifè mwen . . . sa fè m santi m tou dechire anndan. Men pou m konnen ke kèlkeswa kote m ka ale . . . Mwen pa gen

yon—yon gwoup sou tè a, ke m konnen, ki rete kole avè m tankou gwoup sa a. Ke—ke Bondye fè nou tèlman inseparab, ke, nan Wayòm ki gen pou vini an, ke nou ka la ansanm; se priyè mwen.

¹² M te chita la a nan pòt la, ap pale ak Bill Dauch jis yon moman de sa anvan nou te kondwi yon moun tounen vin jwenn Kris, ankò, nan lòt sal la. Men antan m chita la ap pale avè l, li gen katrevenonzan, li di: “Mwen—m ap vin fèb. Je m yo pa jan yo ta dwe ye.”

E mwen panse, sa fè kèk lane, m te vin jwenn li lè l te gen yon ensifizans kadyak konplè epi yon blokaj nan kè, li t ap mouri. E doktè a menm ki t ap ba l swen an, ki te di li pa t ap ka geri, doktè a mouri. Epi men Bill Dauch isi a, ou wè, ki gen katrevenonzan. Mwen te di: “Bill, ou pa ka itil anyen ankò ak travay sou latè ak bagay konsa. Men m ap mande sa: ‘Se pou Bondye ba ou fòs,’ paske ou tèlman renmen reyinyon yo.” Mesye katrevenonzan sa travèse peyi a nan yon otomobil, kit li fè cho, sèk, frèt, oubyen nenpòt lòt bagay, sa pa enpòtan pou li, li pral koute Pawòl la. Bondye beni nanm vanyan sa. Kounye a mwen pa . . .

¹³ Mwen gen yon ekskiz an plis, poutèt m kenbe nou fason m te fè a maten an, pandan twazèdtan. Epi mwen pa t rann mesaj la jistis, paske mwen te koupe l, mwen te kite yon pati ladan l, mwen te sote yon lòt pati, e latriye. Se pou rezon sa mwen te di yo pou yo kenbe bann lan. M pral kontinye l yon kote ki fè fre oswa yon bagay konsa. E mwen—mwen—mwen te santi prezans Lespri a, men m t ap gade nou epi m te wè n ap fè van epi m te konnen nou te cho, e—e sa jis dechire m an miyèt moso. Mwen pa vle nou soufri; mwen—mwen vle nou alèz. Ou wè? E sa akable m.

¹⁴ Se menm jan, lè mwen wè moun malad; si m pa ka—si m pa ka gen konpasyon pou moun malad sa yo, mwen pa ka fè anyen ki bon pou yo. Mwen—mwen dwe gen konpasyon pou yo. E se menm jan an avèk—avèk nou; mwen—mwen dwe gen konpasyon pou nou, osinon mwen pa ka frè nou. Ou wè? Mwen—mwen dwe gen konpasyon pou nou. E, se sa m fè; Bondye konnen ke se vre.

¹⁵ E bon, aswè a, mwen pral priye pou malad yo.

E mwen vle pou . . . mesye sa, epi beni mesye sa yo, ak Frè Collins, ak Hickerson, Frè Neville, Frè Capps, administratè yo, ak tout moun, pou bèl temwayaj nou te resevwa yo, konsènan fason n ap mete lòd, nan legliz la, e kijan tout bagay nan plas yo. Mwen rekonesan anvè nou mesye. Seyè a beni nou paske n ap eseye egzekite yon lòd. Epi lèt apre lèt rive Tucson, pou mwen: “Frè Branham, se pa tankou l te konn ye anvan. Se tèlman diferan, nou ka vrèman santi Prezans beni Bondye a.” E mwen—mwen rekonesan pou sa. Se pou Seyè a toujou beni nou!

¹⁶ Alò, la, aswè a, mwen t ap li isi a nan Lekriti yon ti pasaj, pou—pou petèt pran kèk pawòl ladan l, pou pale epi li yon Èkriti, epi petèt de twa pasaj nan Lèzekriti, apre sa pale avè nou pou kèk moman epi priye pou malad yo. Pa plis ke jis kèk moman; m

ap veye revèy la, e m ap eseye fè l jis osi vit ke posibil. Men mwen panse ke lè yon gwoup moun rasanble ansanm, san yo pa li Pawòl la oswa fè yon bagay, kèk egzòtasyon, reyinyon an pa t ap konplè.

¹⁷ Anpil nan nou te tann. Anpil nan nou gen plizyè kilomèt vwayaj ankò aswè a. Ala mwen admire sa! Kijan m gade epi wè chak moun, epi panse a . . . Laba nan Arizona, mwen panse: “Lè m wè l ankò, m pral mache drèt epi ba l lanmen epi pase men nan kou l.” Epi men nou chita la a, pa ki moun, pa ki mwayen mwen prale, ou konnen? M pa konn ak kilès pou m kòmanse, e ki . . . kòman pou m soti nan sa. Men, wi, mwen renmen nou. Bondye renmen nou, tou.

¹⁸ Bon mwen panse, si m pa twonpe m, si m pa note move pasaj Lekriti a—a la a, mwen vle li nan En Korentyen, chapit 1 an, kòmanse ak vèsè 18 la, epi li tou De Korentyen 12:11, pou pran yon tèks. Bon si m ka jwenn sa yo byen vit, epi nou va li, epi apre lapriyè epi kòmanse drèt la, m pral jis pale avè nou pandan kèk minit sou yon ti sijè. Nan En Korentyen, chapit 1 an, kòmanse ak vèsè 18 la.

Paske, pou moun k ap peri yo, predikasyon kwa a se yon foli. Men, pou nou menm ki sove yo, se puisans Bondye.

Paske, men sa ki ekri: M ap detwi sajès moun saj yo, epi m ap fè moun lespri yo pèdi konesans.

Kote moun saj yo ye? Kote eskrib la? Kote moun k ap diskite sou lemond sa a? Èske Bondye pa fè foli tounen sajès pou mond sa a?

Èske m ka site sa ankò? “Èske Bondye pa fè foli tounen sajès pou mond sa a?” Kisa sajès mond sa ye alò? Foli.

. . . èske Bondye pa fè foli tounen sajès pou mond sa a?

Paske apre sa nan sajès Bondye a mond lan pa sajès pa t konnen Bondye ankò, men Bondye te vle sove sila yo ki kwè yo grasa foli predikasyon an.

Èske m ka li vèsè sa ankò? Koute byen.

Paske apre sa nan sajès Bondye a mond lan pa sajès pa t konnen Bondye ankò, Bondye te vle sove sila yo ki kwè yo grasa foli predikasyon an.

Paske jwif yo ap mande mirak, . . . grèk yo ap chache sajès:

Men nou menm, nou preche Kris ki te krisifye a, pou jwif yo, se yon wòch k ap fè yo bite, . . . pou Grèk yo, se yon foli.

Men pou tout sa yo ki te aple yo, Jwif kou Grèk, Kris la se puisans Bondye ak sajès Bondye.

Paske foli Bondye a pi saj pase lèzòm; epi feblès Bondye a pi fò pase lèzòm.

19 Epi nan De Korentyen chapit 12 la, vèsè 11 lan, se Pòl k ap pale.

Mwen vin fou lè m ap vante tèt mwen; se nou menm ki fòse m fè sa: paske se nou menm ki te dwe rekòmande m: paske mwen pat enferyè nan anyen parapò apot ki pi gran chèf la, byenke mwen pa anyen.

20 Annou priye. Seyè Jezi, ajoute sou kèk pawòl sa yo, aswè a, ki te pwononse nan jòu pase yo, pa gran apot Pòl, pou nou ka pwospere nan tandè yo aswè a, nan aplike yo nan lavi nou, pou nou ka zèv men Bondye a—a, ki fèt dapre mòdèl Li te chwazi pou nou ye a. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

21 Mwen pral preche aswè a pandan kèk minit, si Seyè a vle, sou sijè: *Moun Dwòl La*. Bon, sa se yon tèks ki trè kri, rèd pou pran, men se, mwen panse, sa ki plizoumwèn deklare li fason ke mwen vle eksprime li.

22 Nou konnen, gen tèlman anpil bagay, jodi a, ki fè moun yo vin *moun dwòl*, jan nou rele sa. E ekspresyon sa, si yon moun pa t janm tandè l, li vle di yon moun ki “biza,” yon moun ki “etranj” pou yon lòt kanmarad. E pa gen dout ke anpil nan nou etranj, youn pou lòt.

23 Epi, bon, mwen t ap pwonmennen yon fwa nan lari Los Angeles, Kalifòni, e mwen te wè yon moun trè dwòl, ki t ap aji yon fason dwòl. Epi li t ap mache nan lari a, li pa t ap fè grèv, men se te tankou li te jis ap fè yon flann nan apremidi. E m te ale sou lòt bò lari a, pou m wè kisa l t ap fè. Tout moun t ap vire tounen, yo t ap ri l, poutèt li te etranj.

M te remake li te gen yon pankat pandye devan l. E m te panse m t ap wè sa tout moun t ap ri a, nonm dwòl, etranj sa. E kifè li te. . . Mwen te remake l pandan moun yo t ap gade l, yo t ap ri l, epi—epi, men li te sanble li gen yon diferan kalite souri, yon souri kontantman. Lòt souri ke moun yo t ap ba li yo te plis tankou yo t ap pase l nan betiz, men li te sanble li te satisfè nan sa l t ap fè a.

24 Ebyen, sa se tout on bann bagay ki fè reflechi, lè yon nonm satisfè ke sa l ap fè a bon. Menm si li se yon moun dwòl pou yon lòt moun, si l satisfè ke sa l ap fè a bon, alò kite l rete avè l.

Epi pandan m ap pwoche bò ti mesye a, m te remake sou. . . nan pwatrin li isi a, sou yon pankat oswa yon panno, sa te ekri: “Mwen se yon moun fou,” epi sou anba a, te gen: “pou Kris.” “Mwen se yon moun fou,” ak gwo lèt; desann anba a, sa te di: “pou Kris.” Epi tout moun t ap pase l nan betiz.

25 Epi pandan jèn gason sa a t ap fè wout li nan mitan foul moun ki t ap pase l nan betiz epi ki t ap ri l yo, m te vire gade pou wè sa ki te sou do l. Epi te gen yon gwo gwo pwèn dentèwogasyon sou do l, epi sou anba a, sa te di: “Kounye a pou ki moun ou fou?”

26 Ebyen, mwen—mwen te di nan tèt mwen la li te gen rezon, ou wè, men li te sanble li te satisfè ke li te ka yon moun fou pou Kris. E se sa Pòl te di li te vin tounen: “yon moun fou” pou Kris.

27 Frè Troy, ki fè pati Biznismenn Levanjil Konplè yo, yon trè bon zanmi m, li—li se yon moun ki koupe vyann. Epi yon fwa, li te atrape yon kalite mikwòb nan men l nan koupe vyann kochon. Yon nonm ki konnen, oswa yon fanm, te ka konnen kisa mikwòb la te ye; men li—l ap devore w. Kifè, pou yo sove lavi li, yo te oblije pou—pou yo anpite twa dwèt. E li sèlman gen de dwèt nan yon men, men poutan li rete kòm yon bouche.

28 E te gen yon ti Alman ki te travay avè l nan yon—yon bouchri, la a nan Los Angeles, kifè li—li te kontinye ap eseye kondwi ti Olandè a bay Kris. Epi li te di li te yon “Literyen,” e li te kòrèk avèk sa. Li te satisfè ke li te yon Kreyten, paske li te fè pati legliz “Literyen” an, jan l te deklare l la. Kifè yon jou swa Frè Troy te gen privilèj pou l fè l al legliz.

29 Non li se te Henry. E Henry, an Alman, se “Heinrich,” e kifè yo rele l “Heini.” Nou te tandè ekspresyon sa. Li di: “Heini, sa w di pou al legliz avè m aswè a?”

30 “Ebyen,” li di, “mwen kwè mwen prale.” Alò li te ale nan yon reyinyon ansyen mòd kote yo te gen yon reyinyon priyè, Epi konsyans li te vin vrèman boulvèse, e li te bay Kris kè l.

O, nan demen, ti Olandè sa a t ap rejwi tèt li. Detanzantan li te jis ap mache nan bilding lan, ak men l anlè, li t ap di: “Lwanj pou Bondye! Mèsi, Seyè Jezi!” e li te atire atansyon yo tout, tout moun.

31 Ou wè, li vin yon moun dwòl pou tout ekip moun k ap koupe vyann yo. Epi li t ap koupe vyann, epi li te kòmanse panse a Seyè a, epi li te kòmanse kriye. Li te depoze kouto a, li mache ale vini nan koulwa yo, pa tankou yon moun ki fou, men tou senpleman nan yon vag lanmou pou Kris, li t ap di: “O, ala mwen renmen W, ‘Jesus!’” Nou konnen, li te jis ap mache ale vini.

32 Epi bòs la te vin bò kote l epi li te wè l ap fè sa, epi pandan li t ap mache, li t ap kriye. Epi, bòs la, li pat janm remake bòs la; li t ap panse a Jezi. Epi li te kòmanse ap mache, ak men l yo anlè, epi dlo t ap koule desann sou machwa l, li t ap di: “O Bondye, ala mwen renmen W!”

Epi bòs la te di: “Heini, kisa ki te rive w la a?” Li di: “Tout moun nan—nan tout ekip la ap pale de sa. Kisa ki te rive w la a, Heini?”

33 Ti Olandè a di: “O, bòs!” Li di: “Glwa pou Bondye, mwen sove!”

Li di: “Ou kisa?”

Li di: “M sove!” Li di: “Mwen t al avèk Frè Troy isi a nan yon ti misyon, e mwen—mwen sove. E Jezi te antre nan kè m, e mwen telman ranpli ak lanmou!”

Li di: “Ou dwe te ale nan mitan bann moun fou sa yo.” [Isit la, Frè Branham itilize mo angle ‘nut’, ki vle di alafwa ‘ekwou’, men tou, nan sans figure, ‘fou’.—Nòt Tradiktè a]

³⁴ Li di: “Wi!” Li di: “Glwa pou Bondye!” Li di: “Mèsi Bondye pou moun fou yo!” Li di: “Ou konnen, pran yon otomobil k ap desann sou wout la, epi retire tout ekwou yo [moun fou yo] ladan l, ou pa gen anyen ki rete ke yon pakèt ‘feray!’”

³⁵ Ebyen, mwen pa konnen, men li sanble pou mwen ke jèn Olandè a te gen rezon. Retire tout ekwou yo? Ekwou yo se sa ki kenbe bagay la an plas. E mwen panse ke se sa ki kenbe legliz la an plas pafwa, se sa ki kenbe sivilizasyon an an plas.

³⁶ Bon, sa gen kèk jou, mwen t ap retounen soti nan yon vizit nan Prescott, mwen t ap obsève dezè a epi mwen remake ke pi lwen pase Phoenix, yo gen Jaden Japonè yo, epi te gen flè la, bèl flè. Kote, lè m te jèn, mwen te konn mennen betay toupatou nan zòn sa yo. Pa t gen zèb, kidonk bèf yo te sèlman manje fwi kaktis, pwa, e latrye.

³⁷ Epi m te remake ke te gen yon—yon repwodiksyon ki adapte ak dezè a. E nan dezè a nou jwenn sa, kaktis la ak flè yo. Epi lakay mwen laba a, oswa kay nou lwe a; Sè Larson, mwen kwè li te isi a maten an, mwen te wè l. Epi li gen yon jaden flè sou deyò kay la; yon ti kras tè. Se sab sèlman ki te la, kidonk li te mete tè nan yon gwo jaden flè sou chak bò diplèks la. E chak maten mwen dwe soti al wouze flè sa yo. Si m pa wouze yo, y ap mouri. E y ap . . . E apre sa, ankò, mwen dwe pran kèk espre epi flite yo, pou pwoteje yo kont pou yo; sinon ensèk yo va devore yo.

³⁸ Epi ou ale yon ti kras pi lwen, trant pye de sa, gen kèk flè k ap pouse la a, e y ap pouse la a nan dezè a. Epi ou te ka fouye nan yon pwofondè ven pye epi li t ap tankou yon barik poud; pa gen okenn lòt bagay ke pousyè, e pa gen dlo ditou. Epi ki moun k ap flite yo? Ou wè?

Sa yo ki nan jaden flè a, si ou neglije vaporize yo epi wouze yo, tèmit oswa ensèk, pou yo, pral devore yo. Men pou yo pa ka atake sila yo ki nan dezè a, e nitou li pa bezwen pou yo dòlote l epi wouze l chak jou; li se yon pwodiksyon Kreyatè a. Sa a se yon repwodiksyon ibrid.

³⁹ E mwen panse ke, jodi a, rezon ki fè Krisyanis la vin, pou moun yo, yon bagay fou; se paske nou gen yon pakèt repwodiksyon e non Kreyen otantik, yon pakèt moun pou yo dòlote epi flite, epi pou yo ka rete nan legliz la.

⁴⁰ Mwen ka imajine premye Legliz la menm, kisa yo te ye, epi konpare l ak repwodiksyon sa jodi a. Sa t ap yon pwodiksyon bon mache de sa vrè premye Legliz la te ye, kwayan djanm sa yo nan Bondye, avèk Sentespri a. Ou pa t bezwen dòlote yo. Ou pa t gen pou ba yo ti tap nan do epi di yo ou t ap pran yo nan *sila* a; e si yo te fatige ak sila a, yo ta ka al nan yon lòt; epi ou t ap fè yo

yon dyak si yo te kite lòt la pou vin jwenn nou bò isi a. Sa se yon repwodiksyon ibrid.

⁴¹ Mwen t ap panse a tablo orijinal Michelangelo a, mwen kwè, de “Dènye Soupe a.” Mwen panse ke se li ki te pentire l. Èske nou reyalize kisa penti orijinal sa t ap koute nou? Menm plizyè milye dola pa t ap ase pou jwenn orijinal la, paske li chè anpil. Valè li trè wo! Men ou ka achte yon repwodiksyon bon mache pou anviwon de dola.

⁴² Se poutèt sa moun jodi a pa ka konprann fòs wobis vrè kwayan otantik yo. Yo vin yon fou. Ou konnen, mond lan tèlman tonbe nan yon woutin, detanzantan ou bezwen yon moun fou pou ranje l. Sa pran yon moun ki vin sou sèn lan ki yon tijan diferan, e li se yon moun fou pou jenerasyon sa. Mwen t ap mande tèt mwen lòt jou a: ki moun ki kapab fè sa?

Kiyès jodi a ki pa yon moun fou? Ou se yon moun fou pou yon moun. Mwen kwè ke lemonn antye ap pèdi tèt li nè. Èske nou te konnen se yon tan ke moun pa ka jije ant sa ki byen ak sa ki mal, oswa ant verite ak erè?

⁴³ Èske nou konnen politisyen yo pa ka jije ant byen ak mal? Ou wè yo rete an silans pou zafè vote sa a pou Bib la tounen nan legliz la oswa nan . . . Bib la retounen nan lekòl? Yo pa konn nan ki direksyon van politik la pral soufle. Panse a sa! Mwen pa konn kijan sa ye nan Indiana kounye a, men nan eta Arizona se kont lalwa pou li Bib la nan lekòl. Mwen panse ke se menm bagay la nan Indiana, prèske tout Etazini, paske yon fanm enfidèl te chanje tout pwogram lan. Epi, sonje, se kont lalwa pou li Bib la nan lekòl piblik nou yo, men taks kwayan yo sipòte pou yo anseye enfidelite nan lekòl la.

⁴⁴ Politik. Nou bezwen yon lòt Abraham Lincoln. Nou bezwen yon lòt Patrick Henry. Nou bezwen yon Ameriken ki ka pran pozisyon, kèlkeswa sa anje politik yo ye, epi ki ka rele byen “byen” epi mal “mal”.

⁴⁵ Èske nou te konnen predikatè jodi a pa ka jije kisa ki byen, Pawòl Bondye a oswa denominasyon legliz la? Yo pa konn ki wout pou yo pran. Yo pa ka jije ant byen ak mal. “Mwen konnen Bib la di sa, men legliz nou an di . . .” Ou wè, moun yo pa kapab jije ant byen ak mal. E nenpòt bagay ki kontrè ak Bib la fo. Pawòl Bondye a vre, e tout pawòl lòm se yon manti, sa ki kontrè ak Sa. E pou eseye pran pozisyon kounye a nan yon—yon—yon tan tankou sa, epi kanpe pou sa ki byen, ou vin yon moun fou.

Ann pran kèk pèsonaj.

⁴⁶ Mwen ka imajine pwofèt Noye, nan gran epòk li t ap viv ladann lan; gran laj syantifik sa kote yo te bati piramid ak esfenks yo, kote yo te ka pwouve ke pat gen dlo nan syèl la, pa rechèch syantifik. Men vye granmoun sa a ki vini la a, epi li di: “Gen lapli k ap vini sot nan syèl la.” Noye te yon moun fou pou jenerasyon sa. Li vin yon moun fou.

47 Ann panse a Moyiz. Moyiz, lè l t al kote Farawon, jan nou te pale maten an, epi Moyiz t al kote Farawon, epi li di: “Seyè a voye m pou fè esklav sa yo soti,” ak yon baton nan men l, kont gwo lame a ki te konkeri lemonn antye. Farawon, nan tout jeni syantifik li a, te panse ke Moyiz te yon moun fou. Epi, li te yon moun fou, pou yo.

48 Mwen ka imajine pwofèt Eli, nan gran jou l la, lè bèl epòk alamòd la; lè Akab ak Jezabèl te dirije mond lan, jan l te ye a, nan epòk sa a; ak tout mòd ak bagay ke Jezabèl te vle mete, e jan li te fè tout fanm yo abiye tankou l, ak makiyaj li yo, epi pou kontinye, mòd li yo, fason ke li te abiye tèt li. E lè yon vye akaryat, tankou Eli, te vini sou sèn lan e li te kanpe kont tout nasyon an; pou Akab, li te yon moun fou. Se vre.

49 Amòs, pwofèt la, lè l te vin Samari nan jou ke Samari te tankou Hollywood jodi a, ak medam sa yo nan lari a, fason yo abiye, e menm adiltè yo fè an piblik, move konpòtman yo ak fason yo viv la, sa ki pèmèt gason . . .

50 Se prèske yon adiltè piblik, jodi a, drèt devan nou. Mwen te ale yon sèten kote lòt jou swa a, pou m al dèyè yon bagay pou m manje, epi ti gason ak tifi yo laba a ap anbrase epi bo tankou m pa konn kisa.

E èske w konnen, ti sè m lan, ke sa se potansyèlman yon adiltè? Lè yon nonm bo w, li potansyèlman komèt adiltè avè w. Ou pa ta dwe janm kite l bo w jiskaske w marye, paske glann yo, kit se glann mal ak glann femèl, sitiye nan bouch yo. Èske w konprann? E lè glann mal yo ak glann femèl yo ini ansanm, kèlkeswa kote ou fè l la, ou potansyèlman komèt adiltè. E ou pa ta dwe kite yon ti gason bo w jiskaske vwal sa leve sou figi w epi ou se madanm li. Pa fè sa! Se komèt adiltè. Se melanje glann mal ak femèl yo.

51 Poukisa yon nonm pa bo yon nonm, yon fanm bo yon fanm, nan bouch yo? Paske sa pa kwaze glann yo. Timoun fèt nan kwaze glann yo.

Kifè se prèske yon adiltè piblik ankò, toupatou. Gade sou ekran yo ak tout bagay ou wè, yon—yon karès ak yon—yon move konpòtman. Se pa etonan imoralite ap—ap ogmante! Kijan yo ka aji konsa, pou yo eksite lè yo bo medam sa yo nan bouch, alòske yo konnen se adiltè! Bondye p ap padone sa sòf si w repanti.

52 E bon, lè li te rive, gran pwofèt sa a, Amòs. Yo konnen li kòm youn nan pwofèt minè yo paske pat gen twòp ki ekri sou li, men li te gen Pawòl Seyè a. E li te voye je l gade vil sa, tout moun te bay . . . Nan pak yo, mesye yo te chita ak bra yo antoure fanm yo, epi fanm yo ak bra yo antoure mesye yo, jis yon Hollywood modèn! Epi li te mache atravè vil sa, epi li di: “Se pou nou repanti sinon n ap peri!” Li te yon moun fou. Li te prèske deklare tèt li fou, devan yo.

53 Jan Batis, lè li te vini sou sèn lan, devan denominasyon relijye yo nan epòk sa, li te yon moun fou. Li te gen opòtinite pou vin yon prèt, pou swiv mak pye papa l. Men li te refize fè l, paske Bondye te kenbe l lwen kredo ak denominasyon sa yo, paske travay li te twò enpòtan. Li te dwe anonse Mesi a k ap vini. E kòm li pa t gen anyen pou l wè ak ni Farizyen yo, Sadiseyen yo, oswa kèlkeswa sa l te ye a, li te rejte tout gwoup moun sa yo, epi li di: “Piga nou kòmanse di, ‘Nou gen Abraham kòm papa nou,’ paske mwen di ke Bondye kapab ak wòch sa yo leve pitit pou Abraham.” Pou—pou mond relijye nan epòk li a, li te yon moun fou. Se vre.

54 Lè Jezi te vini sou sèn lan. Pou moun relijye yo nan epòk Li a, Li te yon moun fou tou. Paske, yo te di: “Ou se yon Samariten. Ou pèdi tèt Ou. Ou se yon ensanse,” nan lòt mo: “yon nonm fou.” Men sa Li te ye, pou moun yo, Seyè ak Sovè nou an.

Se pa etonan, Pòl, ki te fòme pa Gamalyèl pou l sa yon prèt, avèk opòtinite pou yon jou vin yon gran prèt. Epi sou wout li pou l al Damas, li te frape pa yon Limyè sinatirèl. Epi li te leve je l anlè, kòm etan yon Jwif, e li te konnen ke Kolòn Dife sa se te sa ki te kondwi pèp li a. Li te di: “Seyè, Kimoun Ou ye?”

Epi Li di: “Mwen se Jezi.”

55 E lè l te renonse a enstriksyon li, li te renonse a tout teyoloji li a ke yo te aprann li nan lekòl yo, epi pou vin yon predikatè òdinè, nan lari, li te yon moun fou. Li di: “Mwen vin yon ensanse.”

56 E moun yo te panse li te fou, pèdi tèt li. Li te di Festis: “Mwen pa fou.” Li te fèk konnen Seyè a. Men pou konnen Seyè a nan yon gwoup relijye. . .

Mwen espere nou pa rate sa. Pou konnen Jezi, jodi a, nan mitan yon gwoup relijye, ou se yon moun fou. Sa pa chanje. Mwen te ka rete anpil sou sa, men mwen—mwen vle prese pou liy priyè a.

57 Martin Luther, ti prèt Alman sa a, ki te kenbe ekaristi a nan men l yon jou, te jete l atè sou mach eskalye yo, epi li di: “Sa se pa kò Jezikri. Sa se sèlman pen ke yo te fè kwit laba a.” E li te deklare, ke “Jis la va viv pa lafwa.” Li te yon moun fou, pou legliz Katolik. Yo te ka asasinè l pou sa, men, li te yon moun fou, e yo te jis kite l trankil. Men, li vin yon moun fou, pou jenerasyon sa.

58 John Wesley, nan epòk gran lè imoral Angletè a. Lè, si revèy Wesleyen an pa t vini sou sèn lan. . . Lemonn antye te kòwonpi, te gen imoralite toupatou. E legliz Anglikan an te tèlman elwaye jouk pat gen okenn revèy ankò; tèlman panse a te Kalvinis! E John Wesley te vini sou sèn lan, ak Pawòl sanktifikasyon an—an, ap netwaye imoralite a. Li te vin yon moun fou.

59 M ap site Mesye Wesley, yon fwa, nan liv li a. Li t ap mache sou yon chimen, epi youn nan moun legliz Angletè a. . . Yo tout te panse li te fou, kifè li te bare chimen an. Mesye Wesley te yon ti bout mesye. Gwo gwo kanmarad sa a te panse li t ap jis rive

souflete l lage l atè, alò li te bare chimen an. Mesye Wesley te avanse epi li di: “Ekskize m, mesye, èske w ta vle soti nan chimen an? Mwen prese.”

Epi Anglikan an di l: “M pa soti nan chimen an pou yon moun fou.”

⁶⁰ Mesye Wesley te panche chapo l avèk politès, li te kontoune li; li di: “Mwen toujou fè sa.” Kifè, ou wè, se te youn ki te fou; youn se te pou Kris; lòt la se te pou legliz la.

Alò, ou se yon moun fou pou yon moun, poutan.

⁶¹ Lè Pannkotis yo te vini sou sèn lan, senkant an de sa, yo te di: “Moun sa yo fou!” Yo te fou, se vre, paske yo te kondane tout koripsyon sa ki te nan aj legliz yo nan moman sa lè yo te vin sou sèn lan.

Men kisa Pannkotis yo te fè? Yo te retounen drèt nan vomi ke yo te soti ladann lan, yo te tounen drèt nan koripsyon denominasyonèl la. Nou konn yon bagay? Li lè pou yon lòt moun fou. Wi. Li lè pou yon lòt. Se vre.

⁶² Remake, yon ekwou, anvan gen yon ekwou, gen yon boulon ki pou ajiste nan ekwou sa a. Epi ekwou sa anfile pou l ajiste ak boulon sa; sinon, li p ap koresponn. Remake. Tout moun ki te anfile, nan epòk pa—pa Noye a, te anfile ak mesaj Levanjil la; Noye, ekwou a, te rale yo antre nan lach la. Sa depann de kalite anfilaj ou a, nan kisa ou ajiste. Si w anfile pou w ajiste ak lemonn, y ap rale w. Si w anfile pou w ajiste ak Pawòl la, L ap rale w. Sa depann sou kisa ou anfile a, ki ekwou w pral swiv.

⁶³ Men Noye, ki te fou pou Pawòl Bondye a, yon moun fou devan laj syantifik la ak laj relijye ke l te viv ladann lan, li te atire sa yo, ki te dwe sove, nan lach la. Amèn. Sa yo ki te predestine, boulon ki te fèt anvan ekwou a. Boulon an dwe anfile nan ekwou a.

⁶⁴ Alò, Satan, li gen kèk boulon ak ekwou, tou, boulon ak ekwou nan wayòm monn sa a.

Farawon te jis fou otan devan Noye, oswa devan Moyiz, menm jan Moyiz te ye pou Farawon. Farawon, ak tout konbin syantifik li yo, te rale nasyon l lan sou limenm. Noye, paske li te yon moun fou pou Bondye, te rale legliz la nan tè pwomès la. Sa depann de ki fason ou anfile. Li te rale legliz la soti nan peyi Lejip; menm jan Noye te rale legliz la soti nan mond lan, nan lach la. Moyiz te rale legliz la soti nan peyi Lejip, al nan peyi pwomès Bondye a.

⁶⁵ Jezi te di. Kounye a, fè atansyon, paske ekwou ak boulon sa yo sanble anpil. Jis gade anfilaj la. Matye 24:24, Li te di: “Sa t ap prèske sedwi menm Eli yo.”

Kounye a, denominasyon Ameriken an—an ak lemonn antye bezwen yon moun fou.

66 Metodis yo, Batis yo, Presbiteryen yo, yo tout epapiye nan *sesi, sela*, epi tout ap goumen. Epi, apre tou, yo tout anfile pou yo fikse nan menm boulon an. Kifè Bondye te ba yo yon boulon, epi voye yon ekwou ba yo, Konsèy Mondyal Legliz yo. Sa pral rale yo tout ansanm. Se vre. Li pral fè l sèten. Li pral rale yo ansanm, Konsèy Mondyal la.

67 Nou konnen, sa te rive, isi a sa pa fè lontan. . . Pa ka gen anyen ki rive, yon kòz, san yon rezon. Medam yo vle dezabiye wete rad yo. Yo te vle mete bout pantalon. Yo te vle toujou fè pati legliz. Yo te vle mete tout kini sa yo, oswa nenpòt jan ou rele bagay yo. Yo vle fè sa, epi yo vle toujou fè pati legliz; yo vle kriye, rele byen fò, epi danse; adore, sa se yon adorasyon.

68 Kounye a, si m te gen tan, m t ap pwouve nou sa. Sa se yon kilt demon, pou ap danse konsa epi ap fè bagay sa yo. Mwen ka pwouve nou l, nan peyi payen yo. Yo te vle adore, epi kenbe temwayaj yo epi toujou rete nan legliz. Alò Bondye ba yo yon moun fou, de oswa twa nan yo; youn ki rele Elvis Presley; youn, Pat Boone, ak Ernie Ford; yo ka chante kantik ak tout lòt bagay, epi toujou deklare ke yo se Kreyen. Se yon ekwou. Yo pa anfile pou Pawòl la. Se vre.

Bon, m te di m t ap fini nan yon demi èdtan, e tan m fini. Men, koute.

69 Mond lan vle yon ekwou. Dyab la asire l yo jwenn li. Yo deja anfile pou sa.

Men, pandan mond lan ap anfile pou yon ekwou, gen yon pèp ki rele Lepouz. Li anfile, tou. Jis osi sèten ke mwen kanpe isi a, Bondye ap voye yon ekwou ba yo ki pral rale Lepouz la soti nan dezòd sa, al nan Prezans Bondye. Li pral yon ekwou ki anfile ak Pawòl la.

70 Yon kritik, kèk jou de sa, te pale avè m, nan Tucson. Li di: “Ou konnen, kèk moun fè de ou yon moun fou, epi lòt yo fè de ou yon dye.”

Mwen di: “Ebyen, sa yon jan mache byen.” Mwen te konnen l ap eseye kritike m. Ou wè?

71 Li di: “Moun yo panse ou se yon dye.”

72 Mwen di: “Ebyen, jis. . .” Mwen konnen moun yo pat fè sa. Men mwen—mwen te konnen li pa t konprann sa, paske li te fè pati lòt kan an, ou wè. Kifè m te konnen li pat, li pat konnen sa. Alò mwen di: “Sa pa twò lwen Pawòl Bondye a. Èske se sa?”

Ou wè, jis kite l—jis kite l konnen ke nou pa t pèdi. Nou konnen ki kote nou te kanpe. Nou konnen ki kalite vwal nou te ise, e ki kalite van ki t ap soufle l. Nou konnen kisa anfilaj nou an te ye, e kisa ekwou nou an te ye. E nou konnen kijan nou kanpe.

Mwen di: “Sa pa si tèlman kontrè ak Pawòl Bondye a. Èske se sa?” Mwen di: “Sonje, lè Bondye t ap voye Moyiz al jwenn pitit Izrayèl yo, Bondye te fè Moyiz yon dye, se vre; e Li te fè Arawon,

frè li a, yon pwofèt, tou. Se vre. ‘Tout pwofèt yo,’ Jezi te di, ‘te dye.’ Yo te dye; dèzòm.” Se vre. Bondye vle pou l konsa.

⁷³ Koute, Pawòl nou preche a ak pawòl ke mwen te di maten an, “Bondye ki kache dèyè po, po blewo yo, Bondye ki kache dèyè po yon nonm.” Ou wè? Se sa Li te fè. Lè Bondye te manifeste nan mond lan, Li te kache dèyè yon vwal, dèyè po yon Nonm ki rele Jezi. Li te vwale epi kache dèyè po yon nonm ki te rele Moyiz, e yo te dè dye, pa dè Bondye; men yo te Bondye, sèl Bondye a, ki jis chanje mask Li, ap fè menm bagay la chak fwa, pote Pawòl sa a. Ou wè, Bondye te fè l konsa. Li konnen ke lòm gen pou l wè yon bagay; sa nan nou chak ki fèt nan lemonn.

⁷⁴ Tankou m t ap di nou maten an, pèsonn pa t oze swiv Moyiz anndan la. Bondye pa t janm trete ak de. Li trete ak youn, tout tan. Pa gen moun ki te oze imite Moyiz. Se te lanmò, lanmò natirèl, pou eseye imite l, pou ale nan Kolòn Dife sa avè l. Kifè se pa tout moun ki fèt. . . Ou pa fèt nan fason sa, pou antre anndan sinatirèl sa.

Men Bondye te mete kèk sou tè a pou reprezante L, kòm yon anbasadè ki pou sèvi Li. E anbasadè sa òdone, pa Bondye, pou l antre nan gran sinatirèl enkoni an, epi disène, epi prezante bagay ke panse natirèl la pa ka wè. Li prezante mistè Bondye a, predi bagay ki la, ak bagay ki te la, ak bagay ki pral rive. Kisa sa ye? Bondye, Bondye dèyè po, po imen. Se egzakteman sa.

⁷⁵ Sam Connelly ap viv nan Tucson. Li te vin isi yon fwa, anpil ane de sa, ak Mesye Kidd, e li te geri; ak yon maladi ilsè ki rete pandan plizyè ane. Lè m te ale la otòn pase a, Sam te gen yon—yon pyè ke espesyalis la la a, nan—nan Tucson, te egzamine l. Li te gwo tankou yon mab. Frè Sam Connelly. . . Anpil nan nou isit la konnen l; li soti Ohio. Epi li te ale kay doktè a, epi li di: “Sam, pare tèt ou semèn pwochèn; m ap retire pyè sa,” kèk jou anvan sa.

Li di: “Èske m ka fè pyè a evakye, doktè?”

Li di: “Li enposib. Pyè a twò gwo.”

⁷⁶ Kifè li mete l nan yon machin epi mennen l lakay li. Epi li te rele; li di: “Mwen vle w vin la epi priye pou mwen, Frè Branham.” Poukisa li te rele m pou bagay konsa? E m te kòmanse priye pou li.

⁷⁷ Mwen di: “Sam, se ENSI DI SEYÈ A, pyè a ap evakye pou kont li.”

⁷⁸ Epi nan demen maten li te mennen pyè a bay doktè a. Epi li di, doktè a di: “Mesye Connelly, m pa konprann kijan sa te rive.”

⁷⁹ Epi li di: “Mwen se yon kwayan nan Bondye, e Bondye te evakye pyè a pou mwen, Li te retire l nan men m.” Nonm lan te ka apèn kwè sa, doktè a. Jis pa plis ke li te ka kwè ke gwo timè sa ki kite sou pati bò kòt madanm mwen. Nou okouran de sa, ou wè. Alò li te di. . .

⁸⁰ Anviwon sis mwa pita, ki te apeprè twa . . . apeprè de semèn de sa, oswa twa semèn de sa, Sam Connelly te frape ak yon maladi kè grav. E m pa konn non an, venn kè kowonè a, oswa yon jan de blokaj kè, oswa kèlkeswa sa l ye a. Se yon trè danjere . . . Li p ap . . . Ou pa ka geri anba l, yo pretann. Yon kriz kadyak, e kè l te bloke. Epi manm li yo te gonfle jouk cheviy li yo te pi gwo pase janm li, jouk isi a anwo arebò ranch li. Kifè yo te mennen l bò kot doktè a. Doktè a di: “Mennen l lakay li, byen trankil, oswa lopital.”

Sam di: “M pa vle al lopital!”

Li di: “Mennen l lakay li epi mete l nan kabann lan, epi piga w bouje tèt ou, men w, oswa pye w, pandan sis mwa.” Li di: “Ou ta ka mouri nenpòt minit.”

⁸¹ Epi Frè Norman te rele. E nou te ale jou swa sa, pou wè Frè Sam. E lè nou te priye pou li, epi Seyè a te pale.

Epi nan demen maten, Sam t ale nan biwo doktè a, ak janm pantalon l yo twouse, li te kanpe devan doktè a, epi li di: “Gade m, doktè!”

Epi doktè a mete l anba yon elektwokadyogram, epi li di: “M pa konprann sa.” Li di: “Retounen al travay.” Li di: “Ki legliz ou fè pati?”

Li di: “Mwen pa fè pati okenn nan yo.”

⁸² Li di “Ou pa ka yon Kreyen san w pa fè pati de denominasyon sa yo. Li nesèsè.” Ou wè, se tout sa doktè a te konnen. Sam te yon moun fou, pou li. E li te yon moun fou, pou Sam, nan poze yon kesyon konsa.

Alò kisa k te rive? Sam te vin la, epi li di: “Kisa m ka di yon moun ki di m bagay konsa, Frè Branham?”

⁸³ “Di yo ke ou ‘fè pati de grenn ak sèl Legliz la.’ Ou pa rantrè ladan L. Se pa yon denominasyon. Ou ne ladan L.”

⁸⁴ Yon ti dam, apeprè si mwa de sa, te apiye sou lestomak Sè Norman. Mwen bliye non l, yon trè bèl ti madanm apeprè trant an. Li menm ak mari l te separe, e li t ap soufri ak lesemi. E li te nan yon kondisyon konsa ke li te ka apèn deplase. E finalman li te vin pi mal jiskaske doktè yo mete l nan yon kabann. Epi doktè yo vizite l jouk tan an rive. Yo ba li jouk mèkredi apre a. Li t ap mouri nan mèkredi. Epi Madam Norman yon jan kanmenm te fè l soti nan kabann lan, epi li te mennen l, epi li te oblije kenbe l nan yon chèz. Epi antan ti kanmarad la te chita la, li t ap balanse devan deyè, e li te gen cheve gri otan l te kapab; po a jòn, poutèt kansè a, lesemi a.

Mwen di: “Ebyen, mwen ka priye pou ou, sè.”

Epi li t ap eseye pale, ak dlo nan je l, li di . . .

Mwen—mwen di: “Èske w se yon Kreyèn?”

Li di: “Mwen se yon Metodis.”

Mwen di: “Mwen—mwen te mande w si w te yon Kreytèn.”

Epi li di: “Ou vle di fè pati legliz Kreytèn?”

85 Mwen di: “Non, madam. Mwen vle di, èske w ne nan Lespri Bondye, e ou renmen Seyè Jezi?”

Li di: “Ebyen, mwen te toujou fè pati legliz la.”

86 Mwen di: “Si Bondye kite w viv, èske w ap pwomèt mwen ke w ap retounen vin jwenn mwen epi kite m montre w chimen Seyè a pi klè?”

Li di: “Mwen pwomèt Bondye nenpòt bagay, si Li va sove lavi m. M ap sèvi L.”

87 Jis nan moman sa yon vizyon vini, ki di: “ENSI DI SEYÈ A. Pa pare w; dechire aranjanman finè ou yo pou lanmò ou, apre demen.” Se te nan lendi, e li te gen pou l mouri mèkredi. “Ou p ap mouri.”

Dimanch pase, dimanch sa fè yon semèn, mwen te chita avè l nan biwo a. Li te pran trant e kèk liv; doktè a te di pa gen yon sèl tras lese mi yo te ka jwenn pyès kote. E li te vle konnen; e mwen te voye l laba a pou l batize nan Non Jezikri, nan yon twou irigasyon, selon chimen Seyè a. Sa ka parèt fou, men, “Lè m leve anlè a, m ap rale tout moun vin jwenn mwen.”

88 Mwen t al rann vizit, kot ti gason ki te konn anrejistre bann isi a, Leo Mercier. Li gen yon pak pou mezon mobil. E m t ap priye pou kèk moun. E m te priye pou yon ti dam ki rele Lokar, mwen kwè se te sa. E li te fè katòz operasyon kansè, e doktè yo ba l vag pou l mouri. Epi mwen te priye pou li, epi m te di l li pa t ap mouri, men li t ap viv. E pa gen yon tras nan sa pyès kote. E poutèt sa, venntwit manm nan fanmi li ki te kanpe la, sove epi ranpli ak Sentespri a. Sa ka parèt fou, men sa ap rale tout moun vin jwenn Li, sa ki vle vini. Li anfile ak Pawòl la. Nou wè sa m vle di?

89 Mwen te resevwa yon lèt ki te rive, avanyè, li poze drèt dèyè la nan dosye m yo. Otòn pase a, pandan yon pati lachas . . . oswa, prentan pase a, se te yon lane de sa. Yon ti gason Endyen ki rele Oscar, ke nou te fè lachas sou gran wout la avèk li; se kote Zanj Seyè a, mwen te di nou, lòtbò isi a, t ap mennen karibou sa ak—ak lous grizli ajante sa a. Nou tout sonje sa. Alò ti gason sa, lè m te antre nan . . . Li te mache antre nan tant lan, prentan pase a. Epi lè Bud te mande m pou m mande benediksyon an, (li te retire gan l yo; li t ap monte chwal), li te mete gan sa yo epi li te prè pou l pati. Li te yon Katolik. Li pat vle gen anyen pou l wè avèk Sa.

90 Otòn pase a, lè l te kapab, kanpe bò kote m . . . Lè manman l te dèyè la, ap mouri ak yon kriz kadyak, li di: “Èske w pa vle retounen epi priye pou li?” Mwen te retounen nan ti ajoupa sa pou Endyen yo laba a. Epi la, yo tout te rasanble toutotou manman sa, e li t ap mouri, li pat ka pale yon mo nan anglè. Epi Sentespri a te desann epi te di manman an, atravè yon entèprèt,

pitit fi li a, sa ki te pase, jan sa te ye. Li te menm rele l ak non li, epi te di l kiyès li te ye, epi nan ki tribi li te soti, e kijan sa ta pral rive. Epi manman an te geri lapoula.

⁹¹ E nan demen maten lè m te retounen pou m al wè yo, pandan m t ap monte, m t ap pakouri swasant kilomèt pou yon brebi, men yo tout te chita la, manzè te tout. . . t ap monte sou chwal la pou retounen al seche vyann oriyal la. Epi mwen di: “Yè swa lè m te priye, mwen te di: ‘Papa nou Ki nan Syèl la.’” Mwen di: “Louise, mwen—mwen. . . Se te yon priyè Katolik. Nou tout te kòmanse, e apre sa, natirèlman, mwen te kite nou.” Epi m te di: “Kounye a mwen jis pral di Bondye mèsi. Nou pa resite priyè; nou priye.”

⁹² Li di: “Nou pa Katolik ankò.” Li di: “Nou kwè tankou w kwè a. Nou vle ou mennen nou tout epi batize nou fason ou batize a. Nou vle Sentespri a.”

⁹³ Nan vwayaj retou a. . . Ti gason an te pèdi chwal li yo, plizyè mwa anvan sa, li pat ka jwenn yo. Epi gid la t ap rele fò dèyè l, li te di: “Oscar, ou te konnen pi byen pase pou w kite chwal sa yo konsa. Lous yo, anpil lous grizli, t ap manje chwal yo nan moman sa.”

E li te ret kanpe toupre m. Epi li di, yon jou swa, li di: “Mwenmenm mande ou yon bagay?”

Mwen di “Wi.”

Li di: “Frè Branham, priye Bondye. Ke Bondye remèt mwen pone m yo.”

Mwen di: “Bud te di lous la manje yo.”

Li di: “Frè Branham, mande Bondye. Ke Bondye remèt Oscar pone l yo.”

Mwen di: “Ou kwè sa, Oscar?”

Li di: “Mwen kwè. Bondye fè manman m geri. Bondye di w kote lous te ye, kote jibye te ye. Bondye sa, konnen kote jibye ye, konnen kote chwal mwen yo ye.” Ou wè?

⁹⁴ Yon lane de sa, pandan m te kanpe dèyè la a ak Fred Sothmann, ki isi a aswè a, Billy Paul, pitit gason m lan. Sentespri a te desann. Mwen di: “Oscar, ou pral jwenn pone w yo. Y ap kanpe nan nèj la.”

Men lèt la la a, ke l te ekri m semèn pase a, e m te resevwa l vandredi, li te rive isi a. Li poze drèt la nan dosye a kounye a. “Frè Branham, Oscar jwenn pone kanpe nan nèj la.”

⁹⁵ Kijan yo te viv, pèsonn pa konnen. La, ti gason an. . . Nan epòk sa nan ane a, mwa jen, tèlman gen nèj ke gen ven oswa trant pye nèj toujou antoure yo. Kijan yo te rete la pandan tout ivè a, nan kanyonn sa a? Oscar ka antre al jwenn yo, ak rakèt nèj, men, natirèlman, li pa ka mete rakèt nèj sou pone l la. Men li te jwenn yo, dapre Pawòl Seyè a. Sa ta ka parèt fou; jis kwè li yon fwa! Sa depann de kijan anfilaj ou yo ye.

⁹⁶ Bon, li p ap anfile ak yon denominasyon. L ap sèlman anfile ak Pawòl la. Men gen kèk moun nan mond lan ki kwè Pawòl sa! Sa pral pran yon moun fou pou fè Lepouz anfile sa a kite isit la, paske Lepouz la ak Lepou a se youn. E Bondye se youn, e Pawòl la se Bondye! Li pral oblije anfile ak Pawòl la, e L ap rale Lepouz la soti nan denominasyon sa yo.

⁹⁷ Wi, li te vle kritike m. Ou konnen, sa raple m sa m t ap pale a, maten an, Bondye ki kache dèyè po, po lòm.

⁹⁸ Yon ti istwa, epi apre sa m ap fini; dezole ke m te kenbe nou isit la apeprè karanssenk minit kounye a. Gen yon fwaye, yon fwaye Kretyen, e te gen yon . . . Mwen te rakonte sa bay kritik sa a. E nan fwaye sa te gen . . . Yo te kwè nan Bondye. Yo te gen yon ti gason la, men li te pè amò nan yon tanpèt. Zèklè, o, li te jis pè amò. Li t ap kouri kache anba tab yo, nenpòt kote, lè te gen zèklè.

Kifè yon jou swa te gen yon gwo tanpèt ki te vini sou fèm lan, e kote yo te abite a, epi van t ap soufle nan pyebwa yo, ak zèklè k ap flache, li te kòmanse vin fè ta nan mitan lannwit lan. Manman an di Junior, li di: “Kounye a, Junior, monte anwo a epi al kouche.” Li di: “Kounye a, pa pè. Ale monte la.”

⁹⁹ Alò ti Junior, ak pijama l sou li, te monte eskalye yo, ap gade dèyè, prèske ap kriye. Li te kouche, li te eseye ap dòmi, li te kouvri tèt li. Li pa t ka al dòmi; zèklè sa t ap flache nan fenèt la. Alò li di: “O, manman,” li di, “monte isi a epi dòmi avè m.”

Ebyen, li di: “Junior, pa gen anyen ki pral deranje w. Zèklè sa pa ka fè w mal.”

Li di: “Men, manman, monte isi a epi dòmi avè m.”

¹⁰⁰ Alò manman an te monte mach eskalye yo epi l te kouche sou kabann lan, ak jinyò li. Epi li di: “Junior, ti pitit gason mwen, manman vle di w yon bagay.” Li di: “Junior, nou se yon fanmi Kretyen. Nou kwè nan Bondye, e nou kwè ke Bondye pwoteje nou nan tanpèt. Nou kwè sa. E nou kwè ke Bondye pran swen pwòp pa L yo.” Epi li di: “Mwen vle w kwè sa, Junior. Se ke, ou pa bezwen pè. Bondye avèk nou, e L ap pwoteje nou.”

¹⁰¹ Junior te sanglote pandan kèk ti moman. Li di: “Manman, mwen kwè sa, tou.” Li di: “Men lè zèklè sa sitelman pre fenèt la, mwen renmen santi ke Bondye gen po sou Li.”

Kifè mwen panse ke yon pakèt nan nou granmoun panse menm bagay la. Bondye, ak po sou Li! [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Bondye, ak po sou Li! Sa ka parèt fou, pou mond lan, men sa ap rale tout moun vin jwenn Li.

Annou priye.

¹⁰² Papa ki nan syèl la, jan sa ye ak ti istwa sa yo, eksperyans sa yo—sa yo, pafwa yo rive pou yon rezon. Epi se ke, menm si yo parèt tranchan, nou konprann yo kanmenm nan langaj li te pase a. Kifè nou di W mési, aswè a, Seyè, ke—ke Bondye ka abite nan

nou Limenm. Nou rekonesan ke te gen yon ekspiyasyon ki fèt, San Sila ki jis la, Jezi; Ki te plenitid Bondye, plenitid Divinite a kòporèlman, ke Li te bay lavi presye Li; yo pa retire l nan men L, men ak pwòp volonte L Li te bay li, pou nou te ka jwi L nan plenitid Prezans Li, nan glwa Chekina ke Li te viv ladann lan; pou nanm nou te ka sanktifye ak San sa, pou ke gran Sentespri a Limenm te ka viv nan nou. E nou vin anseyan, pwofèt, e latriye, pou moun yo, pou sa yo, Seyè, ki nan nesosite; don Bondye yo; Bondye Limenm k ap manifeste, k ap fè gwo don Bondye yo reyone, nan prezans laj modèn sa a.

¹⁰³ Epi ekspresyon sa ki manke delikatès, Seyè: yon fou. E nou konnen, ke nan jou sa a, se ka sa ki nesèsè pafwa alòs ke mond lan ap vin anrasinen nan woutin li yo tankou legliz la ye jodi a; nou tou senpleman ap fè nou manm nan nouvo legliz ak nouvo denominasyon. Yon nonm ki avanse ak Pawòl la li konsidere kòm yon moun fou, yon moun ensanse. Menm jan ak gran apot Pòl, ki te fòme pou l vin yon teyolojiyen, yon prèt, e poutan li te di li vin yon moun fou, pou glwa Bondye. Li te renonse a enstriksyon li pou moun te ka . . . koute pawòl trè rafine li yo. E li te di li pa vini ak pawòl cham ak sajès lòm, pou lafwa yo pa repoze sou bagay konsa. Konbyen legliz la tounen nan sa jodi a, jan l te pwofetize l: “Aprè m fin pati, gen lou ki va antre, yo p ap epaye twoupo a.” Men li te di li te vin jwenn yo, “nan pwisans ak manifestasyon Sentespri a,” pou ke lafwa yo ka nan Bondye. Papa, li te vin yon moun fou, pou mond lan, pou konnen Jezi.

¹⁰⁴ E se konsa pou noumenm jodi a, Seyè. Gen moun ki chita isi a ke yo konsidere kòm fou, paske yo pare pou fè Bondye konfyans pou gerizon yo, pou destinasyon Etènèl yo. Yo mete repitasyon yo an danje, pou adore Li. Yo remèsye L, louwe L, bay lespri yo libète, pou adore Bondye; yo konsidere yo kòm fou. Men Ou te di, ke, “Foli Bondye a—a,” si nou se moun fou, “li te pi fò epi pi saj pase sajès lòm; paske lòm, ak sajès li, pa t konnen Bondye. Men atravè foli predikasyon an, sa te fè Bondye plezi pou L sove sila yo ki te ka sove.” Nou priye, Bondye, ke gran Otè Pawòl sa a va vini aswè a pou geri malad yo, sove moun ki pèdi yo. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

¹⁰⁵ M pral konpare Bondye, pou w pa nan konfizyon nan sa m te di jodi a; Bondye se yon gwo Dyaman, Letènèl la.

E lè yo te fè yon dyaman soti nan wòch ble Afrik yo, mwen te nan min yo e mwen te gade yo nan gran an . . . kijan yo trete sa epi fè dyaman yo soti, kijan yo pase nan machin pou kraze a, epi gwo dyaman dife ble yo, dyaman nwa yo te soti. Yo pa gen anpil fòm, yon sèten fòm. Yo jis yon gwo wòch. E, reyèlman, yo pa gen okenn dife nan yo nan moman sa. Yo jis yon dyaman, yon wòch; won, lis, anpil nan yo. Men yo dwe koupe dyaman sa. Bon, li kont lalwa pou gen youn ki pa koupe. Yo dwe koupe, epi apre sa ou dwe gen yon resi kote w te achte l, paske gen dè milyon dola ladan yo.

E mwen konpare Bondye ak dyaman sa.

¹⁰⁶ Kounye a, yo koupe yon dyaman konsa l ap reflete sa k anndan l lan, dife ki nan dyaman an. E li dwe koupe nan chak ti fason, chak ti fòm, twa pwent. Mete twa pwent yo sou yon dyaman, epi yon limyè ki frape sou yon objè twa pwent va bay sèt koulè, ou wè, sa va fè sèt koulè.

¹⁰⁷ Epi kounye a remake: “Bondye te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou yo.” Ou wè, Li te koupe, brize, gwo Dyaman sa, pou don yo apati de Li te ka reflete bay Legliz la.

Epi se pa limyè a ki enpòtan; okontrè, limyè a dwe retounen, lè solèy la pa klere sou li ankò, epi retounen kote li te koupe a.

Men chak ti moso ki soti nan miyèt moso sa a pa detwi; y ap itilize l. Anpil nan yo fèt pou zegwi Victrola. Epi zegwi sa yo, ki fèt ak fragman dyaman, fè soti, fè soti mizik ki te anrejistre sou yon plak.

¹⁰⁸ E m espere nou wè sa m vle di a. Miyèt moso ki sot nan Kris, don Kris la, mete sou Bib la, anonse mistè kache Bondye yo bay kwayan an. Li konn sekrè kè a. Li konnen chak moun. Èske nou kwè sa?

Se pa t ap dyaman an k ap di: “Ou wè kisa m ye?” Se nan sa li soti a. Dyaman an se yon dyaman paske li soti nan yon dyaman.

¹⁰⁹ E se konsa don Lespri yo ye, yon . . . pou moun lan, se yon pati nan Dyaman sa. Yo te voye l, e te fè l desann, e l te vini sou fòm yon don, pou entèprete, pou preche, pou anseye. Gen senk don espirityèl; apot, pwofèt, anseyan, pastè, evanjelis, e yo tout se pou edifikasyon Kò Kris la. E jis sèten menm jan gen anseyan, pastè, dwe gen pwofèt. Nou konn sa.

¹¹⁰ E nou kwè ke Bondye gen pou manifeste nan dènye jou a, pami pèp Li, bay Semans eli a, dapre Bib la, sou fòm yon pwofèt. Se egzakteman konfòm ak Pawòl la. Pa ke nonm lan se Bondye, men ke don an se Bondye. Ou wè? E sa se zegwi a.

Bon, yon zepeng p ap jwe plak sa kòrèkteman. Yon zegwi pou koud òdinè p ap jwe l kòrèkteman. Men yon dyaman, se pi bon an. Li fè l soti klè, yon zegwi pwent dyaman.

¹¹¹ Ke Bondye, aswè a . . . Plak lavi nou, kèlkeswa sa ki pa bon avèk nou, kèlkeswa sa nou dezire nan men Bondye, ke gran Mèt la Ki kenbe zegwi a nan men Li, ke L mete l sou lavi nou epi revele nou pou kisa nou isi a, kisa nou vle; alò n ap konnen ke Li isi a.

¹¹² Papa ki nan Syèl la, èske W ap akòde l anvan m kòmanse liy priyè sa, m pat gen entansyon fè sa, men èske W ap akòde l, pou moun yo te ka konnen. Petèt gen etranje isi a pou yo priye pou yo. Mwen pa konnen yo, men Ou konnen yo. E Pòl te di: “Si w pale an lang, epi pa gen okenn entèpretasyon oswa pa bay okenn edifikasyon, moun yo va di ou fou. Men si youn pwofetize epi revele sa k nan kè a, alò yo va di: ‘Se vre Bondye avè w.’” Ke sa

fèt ankò, Bondye, nan lè ta sa a. Ou te pwomèt li, e se konsa sa va ye. Nan Non Jezikri. Amèn.

113 Kounye a mwen mande m konbyen moun ki malad isi a aswè a, ki isi a? Oswa èske Billy te distribye lapriyè. . . ? Èske gen kat pou lapriyè ki te distribye? [Frè yo di: “Wi.”—Editè a.] Genyen. Ebyen, mwen sipoze ke chak moun malad gen yon kat pou lapriyè, men mwen pa konnen kisa w te ekri sou li. Mwen panse li jis ba ou yon kat; ou ekri sa w vle sou li. Èske se sa? Ou jis resevwa kat la; ou mete sou li kèlkeswa sa w vle.

114 Mwen pa konnen nou. Konbyen isi a ki konnen ke m pa konnen nou, e poutan nou malad, epi nou ta di sa: “Sa m te tande w di jodi a, ‘Bondye dèyè po. Bondye dèyè po imen, ap vwale Tèt Li’”? Men si nou gen je esprityèl, nou te ka louvri yo epi wè L, wè Kiyès Li ye. E nou kwè sa. Jezi di: “Sila ki kwè nan Mwen zèv ke M fè yo li va fè yo tou; li va fè plis ke sa, paske Mwen pral jwenn Papa a.” Kounye a, si nou kwè ak tout kè nou!

115 Konbyen isi a ki malad, e ki konnen ke m pa konnen nou, konnen kisa k pa bon avèk nou? Jis leve men nou, di: “Mwen malad. Mwen gen bezwen.” Konbyen ki gen dezi nan kè yo, ki pa malad, men ki gen dezi? Nou konn kisa mwen. . . Dakò. Pa gen okenn moun la a, dapre sa m te wè, ki pat leve men yo anlè. Kounye a, mwen pa konnen. . .

116 Mwen konnen nonm sa a ki chita isit la. Mwen sèten ke se Frè James, e mwen panse ke se Sè James. Frè Ben, mwen konnen l. Jis figi nou, pafwa; frè a k ap pran foto yo. Men. . .

Ke yon moun la a nan fon an, nenpòt kote, jis. . . Mwen—mwen—mwen lanse defi sa a, baze sou Mesaj sa a, pandan m ap konkli.

117 Èske nou konnen Bondye te pwomèt pou sa rive nan dènye jou yo? Li te fè pwomès la. Ou wè? Kounye a mwen pa ka fè sa rive. Ou wè, mwen—mwen pa ka fè sa. Li dwe fè sa. Li se Sila Ki fè l; pa mwen. Men mwen kwè nan Li, osinon mwen pa t ap kanpe isi a ap di nou yon bagay ke mwen pa t kwè ladann. Kounye a, priye, epi di: “Seyè Jezi, yo anseye m nan Bib la ke Ou se yon Gran Prèt kounye a menm, ki ka touche pa santiman enfimite nou yo.” Sa pa gade m ki kote nou ye. Epi jis di: “Mwen kwè W. E, pa lafwa, mwen kwè sa mesye sa te di jodi a.”

118 Se sa Zanj lan te di m: “Fè moun yo kwè w.” E si m di Pawòl Bondye a, se pa “kwè mwen,” se “kwè Pawòl la.”

Si li pa konfòm ak Pawòl la, alò pa kwè li. Men si w kwè se Pawòl la, alò, kèlkeswa sa l ye a, priye epi kwè, epi wè si Li ka toujou revele sa k nan kè w.

119 E tout moun konnen ke Bib la di, ke, “Pawòl Bondye a pi file pase yon epe de bò, epi li disènen panse ak entansyon yo nan kè a.”

Se konsa Abraham te konnen ke se te Bondye, lè Li te ka di sa Sarah t ap di dèyè a nan tant lan, sa l t ap panse a; lè Li te di: “M pral vizite w,” e Sarah te panse nan kè l: “Sa pa ka konsa.”

¹²⁰ Kounye a, mwen te di Li isi a pou geri nou. Kisa nou panse de sa? Si n ap jis kwè! Kounye a, m pa kapab, m pa gen okenn sèten fason; Papa ki nan Syèl la konnen sa. Ou wè? Mwen jis gen pou m wè l. Epi sa m wè a, mwen di; e sa mwen—mwen pa wè, natirèlman, mwen pa ka di. Men Li jis Bondye menm jan an! Èske sa t ap ogmante lafwa nou, si L ta fè sa?

Lè m preche konsa, sa on jan dewoute m on ti kras. Men Li isi a. Mwen konsyan de sa.

¹²¹ M ap gade yon nonm pandan l te bese tèt li, drèt dèyè la. Madanm li chita bò kote l, ap lapriye, tou. Dwat *isi a*. Ou gen yon bagay sou kè w. Madanm ou, ap priye. Ou gen yon fado sou kè w. Se pou bèlmè w. Se vre. Ou kwè Bondye ka di m kisa k pa bon ak bèlmè w? Mwen pa konnen ou. Nou se etranje youn pou lòt. Kifè se vre? Ou kwè Bondye ka di m kisa k pa bon avè l? Li pa isit la. Mwen wè yon gwo distans; li nan lès parapò a isi a. Li nan Ohio. Se vre. L ap soufri ak yon maladi san. Fè madanm ou pran mouchwa sa la, l ap kriye sou li a, plase l sou li. Pa doute; l ap vin byen. Ou kwè sa?

¹²² Men yon ti dam ki chita isi a menm devan m. L ap kriye. Gen yon pwoblèm ak timoun lan, mwen pa konnen. . . Non, pa gen okenn pwoblèm. Li jis gen yon dezi. Li vle resevwa batèm Sentespri a. Sa se ENSI DI SEYÈ A. Kwè, pitit, ou pral resevwa Li. Se vre. Piga w doute.

¹²³ Men yon dam ki chita isi a nan fen ranje a. L ap priye. Mwen se yon etranje pou li, men li kouvri ak lonbraj. Ou te fè operasyon. Si nou se yon etranje youn pou lòt, mwen sipoze. Mwen pa konnen ou. Ou pa konnen m, sèlman nan jis petèt tande pale de mwen. Ou pa sot isi a. Ou se yon etranje nan mitan nou. Ou soti nan Wisconsin. Vil la se Milwaukee. E pwoblèm ou se kansè; li sou tete a. Operasyon apre operasyon, poutan san siksè. Kite lafwa a, ki te touche woulèt rad Li a, kwè li kounye a menm. Fè l antre fon nan kè w; sa va rive. Gen lafwa!

¹²⁴ Gen yon nonm ki chita nan kwen an isi a. L ap priye pou manman l. Li se yon etranje pou mwen. Mwen pa konnen l. Men l ap priye pou manman l. E manman l gen menm bagay madanm sa genyen, kansè. Oswa, li pè sa, se sa. Gen yon nonm w ap priye pou li, e nonm sa a gen pwoblèm ak do l. Li se, tou, mwen wè l entoksike. Li se yon tafyatè. Frè w la. Ou pa sot isi a. Ou soti Ilinwa. Ou kwè Bondye ka di m ki non ou? Farmer. Èske se vre? Leve men w anlè. Kwè!

¹²⁵ Gen yon moun ki ajenou pou yon moun, ap priye, yon moun ki lonje sou yon branka. Dakò. Èske w kwè sa w te tande a, ke se Laverite, madam? Ou kwè. Si m te ka geri w, m t ap vin fè sa. Men ou deja geri pa Kris, ou wè. Ou jis dwe kwè li. Dam sa ki

kanpe la, ap priye, t ap priye pou w sa touche. Mwen pa konnen w, men Bondye konnen w. Ou soti andeyò vil la, tou. Se vre. Ou soti Ilinwa. Se egzaktman sa. Yo rele vil la East Moline, Ilinwa. Ou souffri ak kansè. Ou se madanm yon predikatè. Èske w kwè? Ou pral mouri, nan kouche la. Poukisa ou pa aksepte L aswè a, epi di: “Mwen kapab, nan kè m, ak lafwa mwen pi wo pase tout bagay ki isi a, mwen kwè ke mwen geri. Mwen nan Prezans Bondye.” Leve kanpe, kwè, epi al lakay ou epi pou w geri. Men li.

Èske nou kwè ak tout kè nou? Annou louwe Bondye.

¹²⁶ Papa ki nan Syèl la, nou di W mèsì pou tout bonte Ou ak mizerikòd Ou. Nou remèsye W, paske, Ou toujou isi a, drèt nan mitan tout pwoblèm sa a. Nan mond sa a ki pèvèti, poutan Ou isi a. Kite Lespri Ou, Seyè, toujou rete avèk nou. Nou wè ke Ou isi a, Bondye ak po sou li, nan kè imen yo; ap bay lafwa, ak revelasyon, ak vizyon. Ou se Bondye nan Legliz Ou, Bondye nan pèp Ou. Nou remèsye W pou sa, Seyè. E ke tout moun kwè, aswè a, ak yon sèl akò, e ke yo geri. Atravè Non Jezikri, mwen priye. Amèn.

¹²⁷ Konbyen laba ki gen kat pou lapriyè, sou bò *sa*? Kite sa yo ki sou bò *sa a*, retounen dèyè, vini drèt nan mitan ale *sila a*. Sila yo ki nan ale *sa a*, vini drèt nan direksyon *sila a*, jis pran plas nou, vini drèt nan direksyon *sila a*. Kite moun sa yo, osito ke yo fini, se pou liy *sa a* pran lòt bò a.

¹²⁸ Ansyen yo vin isi a. Frè Roy, Seyè a beni w; m pa t konnen ou te chita la. Mwen vle pou dyak legliz yo avanse isit la imedyatman, si yo ka antre nenpòt kote yo ye a. Vin isi a pou yon ti èd.

Mwen vle pou chak moun ke yo pral priye pou li, leve men w, repete sa apre m:

Seyè, mwen kwè, Oumenm ede enkredilite mwen. Mwen kwè, ke nan Prezans Ou, pandan m ap swiv Pawòl Ou, e pa m. . . yo poze men sou mwen aswè a, mwen pral aksepte gerizon mwen, nan Non Jezi. Amèn.

¹²⁹ Bondye beni w. Kounye a gade: “Lapriyè lafwa a va sove malad la. Si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.” Li te di Noye lapli ta pral tonbe. Li pa janm. . . Li pa janm, kounye a, Li pa t janm di: “Osito ke—ke yo priye pou ou, ou pral vin byen.” Li di: “Yo va geri.”

¹³⁰ Li te di Noye lapli ta pral tonbe. Lapli pat janm tonbe pandan sanventan, men lapli te tonbe.

Li te di Abraham li ta pral gen yon bebe pa Sara. Sa pat janm rive pandan vennsenkan, men li te genyen l.

Li te di Ezayi yon vyèj ta pral vin ansent. Sa pat janm rive pandan uisan lane, men li te vin ansent.

Èske se vre? Li te pwomèt li! Kèlkeswa konbyen tan sa pran, Li fè l, tout jan. Nou kwè sa.

131 Avanse kounye a. Kite Frè Capps kondwi chan an. Ou pral okipe w de sa yo ki gen kat yo? Kounye a ke tout moun nan lapriye kounye a.

132 Papa nou ki nan Syèl la, nou pral obeyi kòmandman W yo nan poze men sou moun malad sa yo. M pa konn yon lòt bagay Ou ta ka fè, Seyè, paske Ou te di, nan Pawòl Ou, Ou te achte gerizon yo. Ou pwouve ke Ou isi a avèk nou aswè a, Pawòl la ki ka disène panse ki nan kè a. Ou pwouve sa, ke Ou nan mitan nou. E mwen priye, Ou, Papa, ke Pawòl Ou, ki pa ka fayi, va vin tèlman reyèl pou chak kè! Ke Ou te di: “Si nou ka kwè li; pa doute, men kwè sa; di mòn sa: ‘Deplase,’ epi pa doute, men kwè ke sa pral rive!” Li pat di kilè.

133 Ou te di moun yo, nan Lapannkot, pou al anwo la a epi tann. Ou pa t janm di lè, jou; Ou di: “jiskaske.” Kounye a y ap vini pou aksepte gerizon yo. Ke yo pa janm panse a anyen lòt ke yo geri, jiskaske delivrans lan vini. Nou obeyi W nan poze men, sou yo, antanke kwayan. Nan Non Jezikri. Amèn.

134 Dakò, vini touswit kounye a. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . .ou geri. Bondye beni w. Ale dwat. Sa bon. . . ?. . . [Pati vid sou kasèt la.]

Tout bagay posib, kwè sèlman;
Kwè sèlman, kwè sèlman,
Tout . . .

Seyè Jezi, mwen priye pou mouchwa sa yo kounye a, nan Non Jezikri. Amèn.

M ap mande si nou ta ka chanje pawòl sa yo:

Kounye a mwen kwè, se kounye a mwen kwè,
Tout bagay posib, kounye a mwen kwè;
Kounye a mwen kwè, kounye a mwen kwè,
Tout bagay posib, kounye a mwen kwè.

135 Èske nou kwè ke sa ki te mande e ki te dezire yo va akòde? Sa va rive.

136 Mwen te wè, ki t ap pase nan liy lan kèk moman de sa, kèk nan zanmi Italyen m yo ki soti Chicago. Konbyen moun ki konnen Sè Bottazzi ki soti Chicago? Ebyen, nou konnen, li te gen yon—yon kriz mantal, depresyon nè jis dènyèman, trè, trè grav. Men maten an nan Chicago nan dejene Biznis Menn Kreyen yo, mwen te di sè a, anba enspirasyon Sentespri a. Li te retounen sou yon bò, e li jis pa t ka kalme tèt li. Epi mwen te di: “Sè, sa p ap pase sou ou touswit, men ou pral vin byen.” Mwen di: “Sa pral pran swa dizwit mwa, oswa dezan, drèt nan peryòd tan sa w ap vin byen.”

137 Lòt jou a pandan m t ap pale avè l. . . Mwen te tande l ap temwaye, li te sitèlman kontan, pi kontan li te janm ye nan tout vi l. Li t ap woule nan yon machin. Li pa t gen lapè, Prezans Bondye te sanble Li te kite l; natirèlman, se te depresyon nè, nou

konnen; e toudenkou li te retounen ak yon gwo sansasyon lajwa, e pwisans Sentespri a te sou li. Li te kriye, li te rele, li—li te gen . . . Yo te jis pase yon trè bon moman, apeprè twa oswa kat semèn de sa, oswa yon mwa. E m te tandè l ap temwaye, dimanch avan sak sot pase a, epi li te di: “Frè Branham, lè m te retounen, mwen te make epi m te pran bann sa. E sa te fè egzakteman dizwit mwa, jou pou jou.” Amèn.

Èske nou renmen L? Èske Li pa mèveye?

¹³⁸ Kounye a, menm Sentespri a ki ka predi egzakteman, san manke yon sèl fwa, tout ane sa yo; e, atravè Pawòl Li, Li te eseye devwale pou nou jodi a ke Bondye se pa kèk objè ki lwen anpil oswa kèk bagay istorik. Li se yon tan prezan, vivan, Pawòl Li manifeste. Li kache Tèt Li nan vwal imen, nan Legliz Li, Li revele Tèt Li pa lafwa nou ak lafwa mwen, ini ansanm, lè nou rasanble, pou fòme antite Bondye a. Mwen pa ka fè anyen san nou; nou pa ka fè anyen san mwen; nitou pèsonn pa ka fè anyen san Bondye. Alò, ansanm sa fòme yon antite, yon koneksyon. Bondye te voye m nan bi sa; nou kwè sa; e men sa rive. Se jis sa, ou wè, konfime pafètman.

Sa pa di m anyen sa k pa bon avèk nou, sa nenpòt moun di; si, ak kè w, ou kwè ke w pral vin byen, pa gen anyen ki ka janm rete sa. Li te di sa. Epi Li di: “Syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl Mwen p ap fayi.” Èske nou kwè sa?

¹³⁹ Konbyen k ap priye pou mwen nan lòt reyinyon yo pandan m prale? Mwen se yon moun ki bezwen priyè. Ou wè? Tout moun rejte m, ou wè, eksepte nou, e poutan gen Semans deyò a la.

¹⁴⁰ Mwen te voye yon lèt an Afrik di Sid. Yo pa vle kite m vini sòf si m ta siyen yon papye ke mwen “ta batize, sou bò kote sa, tout moun twa fwa; yon fwa pou Papa a, epi yon fwa pou Pitit la, ak Sentespri a, fas sou devan. Sou lòt bò a, mwen ta batize sou deyè, youn pou Papa a . . . Epi anseye ke se sa Doktrin lan.”

Mwen te ekri yo yon lèt. Mwen di: “Sentespri a t ap eseye, depi kèk dènye ane yo, fè m vini an Afrik ankò. Li vle sèvi ak ministè m lan la kote trant mil aksepte Kris yon apremidi.” Mwen di: “Sonje, san nanm sa yo va tonbe sou nou, pa sou mwen. Mwen te ofri pou m vini, men nou pa vle fè l.”

Mwen mande m kisa sa pral ye nan jou sa lè Jezi, Pitit Bondye a yo te mete l deyò nan legliz la, Pawòl la ki te rejte a? Men nan—nan tout sa, Li toujou ap fè pèp Li konnen Li. Èske nou pa rekonesan pou sa?

¹⁴¹ Epi m te pase la, aswè a, mete men m sou yo, kèk fanm aje, kèk jenn, kèk ti granmoun, kèk jenn gason, mesye aje, ki jis tranpe mouye menm jan mwen ye a. M te panse: “Yo chita la, chita la ap koute Pawòl la ke rès mond lan panse se foli.” Ou wè? Yo se—yo se boulon an. Ou wè, Bondye isi a pou anfile l, rale nou drèt soti nan maladi nou. Se yon pwomès Pawòl la. Jis sonje, sa pral kòmanse vin pi sere, “M ap atire yo; si yo leve M anlè, M ap

rale yo.” Li va rale l soti nan nou. Li pral fè l sèten. Jis kwè L, gen lafwa nan Li. Pa doute de Li. Kwè L.

¹⁴² Priye pou mwen. Lè nou pa gen okenn lòt moun pou priye pou li, jis sonje m. E alò:

Jiskaske nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre. . .

Mèsi paske nou te vini sot nan wout long sa yo. Ke Bondye pwoteje nou pandan nou pral lakay nou!

Jouk nou. . .

Salye tout Kreyen yo, salye yo, ki soti nan gwoup sa isi a. Lapè Bondye sou nou! Chalòm!

Ke Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!

[Frè Branham fredonnen *Ke Bondye Avè Nou*—Editè a.]

. . .jouk nou rankontre!

. . .nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Ke Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!

¹⁴³ Mwen tèlman kontan. Nou wè, gen kèk, anpil bagay mwen pa konnen, men gen kèk bagay mwen konnen. Mwen tèlman rekonesan pou nou. Mwen tèlman kontan pou m asosye avèk nou. Mwen tèlman kontan pou m se youn nan nou. Ke Bondye avè nou. Li pral fè l. Li p ap janm kite nou. Li p ap janm abandone nou. Li p ap kite nou. Nou fin pèse vwal la kounye a. Ou wè?

¹⁴⁴ M tèlman kontan aswè a pou m wè Frè Palmer, youn nan pastè asosye nou yo bò isit la, ki soti Georgia. Frè Junior Jackson nan bilding lan yon kote, dèyè nan kwen an, nou kontan genyen l. Frè Don Ruddell ki chita bò isi a. O, tèlman gen anpil! M pa konnen, si m rate yon moun. . . Frè Ben Bryant isi a, ak anpil nan lòt yo isi a, bon frè, Willard Collins. Nou tèlman kontan genyen nou tout isi a.

Mwen mande m si nou ta jis leve kanpe sou pye nou, jis yon moman kounye a. Annou koube tèt nou kounye a.

Jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi; (Jouk nou rankontre!)

. . .jouk nou rankontre!

Ke Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!

¹⁴⁵ Nou santi rapwochman sa a nan kominyon ak Lespri a?

Ann fredonnen l.


Mwen te remake Frè McKinney, ki soti Ohio, avèk nou. Frè John Martin ak frè l la. M tèlman kontan genyen nou tout. Mwen ka pa menm wè nou, frè yo. Li konnen nou.

Jouk nou rankontre!

Ke kè m ak pa nou, ak kè Bondye, pou yo youn jouk nou rankontre!

(Mwen ta renmen mande yon moun pou l lage . . . ? . . .)

¹⁴⁶ Pandan nou koube tèt nou kounye a nan lapriyè, n ap eseye fè chak minis konnen ke nou kontan poutèt yo isit la, tout layik yo, nou menm moun ki soti Tennessee, Ohio, epi atravè peyi a. Kèk medam mwen te rankontre laba a jodi a, soti nètale jouk Boston. Frè nwa nou yo ki te isi a, maten an, soti laba a tou. Tèlman gen anpil ki soti nan diferan pati nan peyi a; mwen di nou mès, chèn zanmi fidèl mwen yo. Ke Bondye avè nou. Mwen rele nou zanmi m. Sonje sa Jezi te di sou sa? “Pi pwòch menm pase yon frè,” wi, yon zanmi.

¹⁴⁷ Pandan nou koube tèt nou kounye a (Jiskaske nou rive rankontre ankò nan kèk jou k ap vini yo, ke Bondye avèk nou.), mwen pral mande bon, frè fidèl nou an, Frè Richard Blair, si l pa vle ranwaye nou nan yon mo priyè, Frè Blair. 

64-0614E Moun Dwòl La
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org